# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Республикамызда миллий үрип әдеплеримиздиң бири болған “Қараптеп” халық ойыны жарысларын өткериўге таярлық көриў ҳәм оны жоқары дәрежеде өткериў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 30-октябрь күнги ***“Саламат турмыс тәризин кеңирек ен жайдырыў ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында”***ғы ПФ-6099-санлы Пәрманы ҳәмде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 19-ноябрь күнги ***“Халықтың саламат турмыс тәризин қоллап–қуўатлаў ҳәм физикалық белсендилигин асырыўға тийисли қосымша ис–илажлары ҳаққында”***ғы 735-санлы қарарларына муўапық, улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын дене тәрбия ҳәм спортқа жәнеде кеңирек тартыў, физикалық ҳәрекетлерин асырыў, олар арасында дослық байланысларды беккемлеў, руўхый ҳәм физикалық жетискенликке ерисиў зәрүрлиги түсинигин қәлиплестириў, дене тәрбия ҳәм спорт пенен шуғылланыўды оқыўшы-жаслардың күнделик турмыс тәризине сиңдириў, олардың физикалық жақтан жетик, күшли ҳәм саламат болыўына, ҳәрекетли ойынлардың ғалабалығын асырыў, дене тәрбия ҳәм спортты жаслар арасында үгит-нәсият қылыў ҳәмде Ўатанға меҳир-муҳаббат ҳәм өзиниң мәмлекети ушын мақтаныш руўҳында тәрбиялаў ушын, Өзбекстан “Ёшлик” дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети тәрепинен Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында ғалабалық спорт жарысларын өткериў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 25-майдағы “Республикамызда миллий үрип-әдетлеримиздиң бири болған “Қарабтеп” халық ойыны жарысларына таярлық көриў ҳәм оны жоқары дәрежеде өткериў ҳаққында”ғы 33-санлы (31-31/1-2418) баянламасы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы район (қала)да тастыйықланған график тийкарында 2021-жыл июнь-июль айларында мәмлекетимизде миллий үрип-әдетлеримиздиң бири болған “Қарабтеп” халық ойыны жарысларын жоқары дәрежеде өткерилсин.

3. Жарысты өткериўге таярлық көриў ҳәм оны жоқары дәрежеде өткериў бойынша шөлкемлестириў топары 1-қосымшаға, мектеп басқышы, районлық (қалалық) басқышы ҳәм республикалық басқышсын өткериў ўақытлары, өткериў ушын жуўапкерлер ҳәм төрешилер қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**4. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов) ҳәм барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

- улыўма орта билим бериў мектеплеринде “Қарабтеп” халық ойыны ғалабалығын раўажландырыў ушын зәрүр шәрт-шараятлар жаратып бериў, ҳәр түрли жарыслар шөлкемлестириў арқалы халқымыз саламатлығын беккемлеўге ең тийкарғы ўазыйпа деп қаралсын;
- район (қала)ларда халық ҳәм жаслар жыйналатуғын орынларда “Қарабтеп” халық ойыны жарысын өткериў ушын (4х4м²) майдан ажыратқан ҳалда барлық шәрт-шараятларды жаратыў илажларын көриў;

- барлық район (қала) мәҳәллелерде ҳәм улыўма билим бериў мектеплерде "Қарабтеп" халық ойыны бойынша шөлкемлестирилетуғын жарыслар, шеберлик сабақлары (мастер класс) ҳәмде оның менен байланыслы үлгили жарыслардың ғалаба хабар қуралларында турақлы түрде жарытылып барыўын тәмийинлеў, бунда өткерилип атырған жарысларды көрсетиўге итибар қаратыў усыныс етилсин;

5. Министрликтиң физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжәэтлары менен ислесиў бөлими **(Қ.Бекбаулиев)**не:

- усы буйрықты бир күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине жеткериў ўазыйпасы жүкленсин.

6. Министрликтиң баспа сөз хызмети **(Т.Даўлетмуратов)**не:

- усы буйрық пенен берилген тапсырмалар бойынша әмелге асырылып атырған жумысларды, сондай-ақ, өткерилетуғын спорт илажларынан көринислерди министрликтиң расмий веб-сайты (***kkedu.uz***)на жайластырып, кең жәматшиликке жәриялап барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы

«09» Июнь 2021-жыл

№ 140

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
«09» Июнь 2021-жыл
140 - санлы буйрығына
1 - қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплеринде Республикамызда миллий үрип әдеплеримиздиң бири болған "Қараптеп" халық ойны жарысларын өткизиўге таярлық көриў ҳәм оны жоқары дәрежеде өткериў бойынша**
**Шөлкемлестириў топар қурамы**

| № | Фамилиясы аты | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | Қ.Бекбаулиев | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшысы, шөлкемлестириў топар баслығы |
| 2 | Ш.Таджимуратов | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри орынбасары, шөлкемлестириў топар баслығы орынбасары |
| 3 | Б.Байниязов | - Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары, ағза |
| 4 | Лаўазымына қарай | - Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги бөлим баслықлары ҳәм хызметкерлери, барлық район (қала)лық ХББниң кураторлары, ағза |
| 5 | Лаўазымына қарай | - Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары, ағза |

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министрлигиниң**
**«09» Июнь 2021-жыл**
**140 - санлы буйрығына**
**2 - қосымша**

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплеринде республикамызда миллий үрип адеплеримиздиң бири болған “Қараптеп” халық ойны жарысларын өткизиўге таярлық көриў ҳәм оны жоқары дәрежеде өткизиў ушын жуўапкерлер бекитиў**

| № | Спорт түри | Жарыстың өткерилиў орны | Жарыстың өткерилиў ўақты | Жуўапкер төрешилер | Жуўапкер |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **“Қараптеп”**<br>*мектеплер басқышы* | Улыўма орта билим бериў мектеп спорт заллары, спорт майданшалары | 22-26-июнь 2021-жыл | Улыўма орта билим бериў мектеп дене-тәрбия муғаллимлери | Улыўма орта билим бериў мектеп директорлары, дене-тәрбия муғаллимлери |
| 2 | **“Қараптеп”**<br>*Қала, районлық басқышы* | Улыўма орта билим бериў мектеп спорт заллары, спорт майданшалары | 29-июнь, 3-июль 2021-жыл | Улыўма орта билим бериў мектеп дене-тәрбия муғаллимлери | Барлық қала ҳәм районлық билимлендириў бөлимлери баслықлары, Дене-тәрбия методистлери |
| 3 | **“Қараптеп”**<br>*Қарақалпақстан Республикасы басқышы* | Улыўма орта билим бериў мектеп спорт заллары, спорт майданшалары | 12-17-июль 2021-жыл | Улыўма орта билим бериў мектеп дене-тәрбия муғаллимлери | Б.Байниязов<br>Б.Бекмуратов<br>Р.Кадиров |
| 4 | **“Қараптеп”**<br>*Өзбекстан Республикасы финал басқышы* | Улыўма орта билим бериў мектеп спорт заллары, спорт майданшалары (таярлық көриў) | Июль айы 2021-жыл | Улыўма орта билим бериў мектеп дене-тәрбия муғаллимлери | Р.Реимов<br>Б.Байниязов |